

**Pa Prezidan
Henry B. Eyring**

Premye Konseye nan
Premye Prezidans lan



Pataje levanjil la

Bondye ap mete moun ki prepare sou wout sèvitè prepare l yo ki vle pataje levanjil la. Sa te rive nan pwòp lavi pa nou. Osi souvan sa ap rive depann sou kondisyon preparasyon lespri nou ak kè nou.

Mwen gen yon zanmi k ap priye chak jou pou l ran-kontre yon moun ki prepare pou resevwa levanjil la. Li toujou mache avèk yon Liv Mòmmon. Yon jou swa anvan l ta pral fè yon ti vwayaj, li te deside pou l pa ale avèk yon liv Mòmmon men olyesa li te deside pou l mache avèk yon ti kat misyonè yo konn bay yo. Men pandan l t ap prepare pou l ale, li te gen yon enpresyon espiri-tyèl ki te vin sou li: “Mache avèk yon Liv Mòmmon.” Li te mete youn nan valiz li.

Lè yon fi li te konnen te vin chita bò kote li pandan vwayaj la, li te mande tèt li: “èske se li menm?” Fi a te vwayaje avèk li ankò lè yo t ap retounen. Li te panse: “Kijan m ta pale l de levanjil la?”

Men, fi a te di li: “Ou peye dim nan legliz ou a?” Li te reponn wi. Fi a te di ke l ta sipoze peye dim nan legliz pa l la men li pa t fè sa. Epi apre li te mande: “Kisa w ka di m sou Liv Mòmmon an?”

Li te eksplike ke liv la se ekriti, yon lòt temwayaj konsènan Jezikri, ki te tradui pa Pwofèt Joseph Smith. Fi a te parèt enterese, konsa, li te foute men nan valiz li epi l te di: “Mwen te santi m pouse pou m te mache avèk liv sa a. M panse ke se pou ou.”

Li te kòmmanse li l. Lè yo t ap separe, li te di: “Ou menm avèk mwen pral oblije gen plis

konvèsasyon sou bagay sa a.”

Sa zanmi m nan pa t ka konnen — men ke Bondye te konnen — sete ke dàm nan t ap chèche yon legliz. Bondye te konnen ke li te konn obsève zanmi m nan epi mande tèt li poukisa legliz li a te fè l gen kè kontan konsa. Bondye te konnen ke li ta pral poze kesyon sou Liv Mòmmon an epi li t apral dispoze pou kite misyonè yo anseye li. Li te prepare. E zanmi m nan te prepare tou. Ou menm avèk mwen kapab prepare tou.

Preparasyon nou bezwen an se nan lespri nou ak nan kè nou. Fi a te tandè epi l te sonje pale sou Liv Mòmmon, sou Legliz retabli Senyè a, ak sou kòmmandman peye Bondye dim nan. Epi li te santi kòmansman temwayaj konsènan laverite a nan kè li.

Senyè a di ke L ap revele verite a nan lespri nou ak nan kè nou pa mwayen Sentespri a (gade D&A 8:2). Pifò moun n ap gen pou n rankontre te gen kòmansman preparasyon sa a. Yo te tandè oubyen li konsènan Bondye ak pawòl Li. Si kè yo te adousi ase, yo te santi yon konfimasyon verite a, menmsi l te piti.

Fi a te prepare. Menmjan ak zanmi m nan, Sen Dènnye Jou a ki te etidye Liv Mòmmon an. Li te santi yon temwayaj ke se laverite, epi li te rekonèt direksyon l te resevwa nan men Lespri a pou l te mache avèk yon Liv Mòmmon an. Li te prepare nan lespri li ak nan kè li.

Bondye ap prepare moun pou resevwa temwayaj nou sou verite retabli a. Sa mande lafwa nou epi apresya pou nou aji pou pataje san krent sa ki vin si presye pou

nou an ak pou moun ki pwòch nou yo.

Prepare pou pataje nan ranpli lespri nou chak jou avèk verite levanjil yo. Si nou respekte kòmandman yo epi nou onore alyans nou yo, n ap santi temwayaj Lespri a ak plis nan lanmou Sovè a pou nou menm ak pou moun n ap rankontre yo.

Si nou fè pati pa nou an, n ap vin plis anplis fè bèl eksperyans ki se rankontre moun ki prepare pou koute temwayaj nou konsènan laverite a — nou ofri sensèman, soti nan kè pa nou al nan kè pa yo a.

ANSÈYMAN KI SOTI NAN MESAJ SA A

Panse pou w li mesaj la avèk fanmi w ap vizite a epi pale sou pwochen paragaf la rive nan dènye a, kote Prezidan Eyring diskite sou fason pou yon moun fòtifye temwayaj li a. Pale avèk fanmi an sou enpòtans pou yo rann temwayaj yo lè y ap pataje levanjil la. Timoun yo ki nan fanmi an kapab twouve sa itil pou yo eseye jwe wòl sou fason pou rann temwayaj bay zanmi yo.

JÈN YO

Konnen kisa pou n di

Si nou santi nou pa konn ase nan levanjil la pou n pataje l avèk lòt moun, pran fòs nan pwomès sa yo nan ekriti yo:

“Leve vwa nou devan pèp sa a; di pawòl m pral mete nan kè nou yo, epi nou pa p gen konfizyon devan lèzòm;

“Paske nou pral resevwa nan lè a menm, wi, nan moman an menm, kisa pou nou di” (D&A 100:5–6).

“Konsolatè a, ki se Sentespri a, ke Papa a ap voye nan non m nan, li va anseye nou tout bagay, e la va fè nou sonje tout bagay, tout sa m te di nou yo” (Jan 14:26).

Sa yo se gwo pwomès, men pou nou jwenn yo, nou dwe fè pati pa nou an. Nan mesaj sa a, Prezidan Eyring anseye nou kijan: “Prepare pou pataje [levanjil la] nan ranpli lespri nou chak jou avèk verite levanjil yo.” Kisa nou ka fè pou ranpli lespri nou avèk verite levanjil yo?

TIMOUN YO

Prepare pou pataje

Prezidan Eyring di ke yon mwayen enpòtan pou nou prepare pou pataje levanjil la se ranpli lespri nou avèk verite levanjil yo. Ki bagay nou ta ka fè pou prepare nou pou pataje li?

© 2012 pa Intellectual Reserve, Inc. Tout dwa rezève. Enprime nan Etazini Damerik. Apwobasyon Anglè: 6/11. Apwobasyon tradiksyon: 6/11. Tradiksyon *First Presidency Message, September 2012*. Haitian Creole. 10369 036



Lafwa, Fanmi, Sekou

Bezwen espesyal ak sèvis ki rann

Etidye materyèl sa a nan lapriye epi, si sa apwopriye, diskite li avèk sè w ap vizite yo. Itilize kesyon yo pou ede ou fòtifike sè ou yo epi fè Sosyete Sekou jwe yon wòl aktif nan lavi pa ou.

Prezidan Thomas S. Monson te di: “Bezwen lòt moun yo toujou prezan, epi nou chak kapab fè yon bagay pou ede yon moun. . . . Si nou pa lage tèt nou nan sèvi lòt moun, lavi nou pa reyèlman gen bi.”¹

Antanke enstriktis nan fwaye nou kapab sensèman konnen ak renmen chak sè n ap vizite yo. Sèvi moun n ap vizite yo ap vini tou natirèlman soti nan lanmou nou pou yo (gade Jan 13:34–35).

Kijan nou ka konnen bezwen espirityèl ak tanporèl sè nou yo pou nou ka rann yo sèvis lè yo gen bezwen? Antanke enstriktis nan fwaye, nou gen dwa pou resevwa enspirasyon lè nou priye osijè moun n ap vizite yo.

Kenbe kontak regilye avèk sè nou yo enpòtan tou. Vizit pèsònèl, apèl telefòn, yon ti nòt ankourajman, e-mail, chita avèk li, yon konpliman sensè, lonje lamèn ba li nan legliz la, ede l nan moman maladi oubyen nan moman bezwen, ak lòt zak sèvis ap ede nou veye youn sou lòt ak fòtifike youn lòt.²

Yo mande enstriktis nan fwaye yo pou yo bay rapò sou byennèt, ak bezwen espesyal chak sè yo, ak sou sèvis yo rann yo. Rapò sa yo ak sèvis nou rann sè nou yo ede nou demontre kalite disip nou.³

Apati ekriti yo

Jan 10:14–16; 3 Nefi 17:7, 9; Mowoni 6:3–4

Apati Istwa Nou

Sèvi youn lòt te toujou yon pwensantral enstriksyon nan fwaye. Atravè sèvis n ap rann nou pote jantiyès ak amitye ki ale odela vizit chak mwa yo. Se jan nou sousye pou yo ki konte.

Sè Mary Ellen Smooth, trèzyèm Prezidan Jeneral Sosyete Sekou an, te di: “Dezi mwen se pou priye nou menm sè yo, pou nou sispann sousye de yon apèl telefòn oswa yon vizit chak mwa oubyen chak twa mwa.” Li mande nou pou nou “pito konsantre sou nourri bèl nanm sa yo.”⁴

Prezidan Spencer W. Kimball (1895–1985) te anseye: “Li enpòtan

pou nou youn sèvi lòt nan wayòm nan.” Men li rekonèt ke se pa tout sèvis ki ewoyik. Li di: “Byen souvan, zak sèvis nou yo ki se senp ankourajman oubyen bay yon ti bagay . . . ede nan tach chak jou yo. Men gwo konsekans gloriye kapab soti . . . nan ti aksyon delibere sa yo!”⁵

NÒT

1. Thomas S. Monson, “What Have I Done for Someone Today?” *Liahona*, Nov. 2009, 85.
2. *Gade Handbook 2: Administering the Church* (2010), 9.5.1.
3. *Gade Handbook 2*, 9.5.4.
4. Mary Ellen Smooth, nan *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 117.
5. *Teachings of Presidents of the Church: Spencer W. Kimball* (2006), 82.

Kisa m Ka Fè?

1. Èske m ap chèche enspirasyon pèsònèl pou m konnen kijan pou m reponn ak bezwen espirityèl ak tanporèl chak sè mwen gen tach pou vizite yo?
2. Kijan sè m ap vizite yo ka konnen ke m sousye pou yo ak pou fanmi yo?

Pou plis infòmasyon, ale nan www.reliefsociety.lds.org.